


Th. 1915



PARAMASASTRA DJAWI

KANGGÉ

"SEKOLAH LANDJUTAN"

KAIMPUN DÉNING

K. PRAWIRASUBRATA

PENERBIT

PANTJAWARNA

SOLO

Paramasastra Djawi

KANGGE "SEKOLAH LANDJUTAN"

KAIMPUN DENING

K. Prawirasubrata

GURU S.M.P. I NEGERI & S.M.A. TAMAN-MADYA
ING SURAKARTA

TJAP-TJAPAN KAPING VIII

Penerbit
PANTJAWARNA

Stensil Listrik
KANGAROO - SOLO

Seri Nomor: 249439

PURWA KA

Nuwun, buku Paramasastra Djawi punika sampun kawedal-aken rambah kaping VII punika stensilan.

Mengguh udjubipun namung badé kanggé tjabatetan tjetjepenganipun para siswa kémawon; mila namung awudjud ke- klempakaning tembung-tembung lan patokan-patokan sawatawis ingkang kamanah prelu, tanpa dipun-kantèni tjaktjak-anipun ing ukara. Kadjawi punika taksih katah malih ke- kirangan-kekirangan sanèsipun.

Inggang punika sadaja wau kaborongaken para guru meng- gahing tjak-tjakanipun ing pamulangan.

Wondéné ingkang kanggé garan keklempak inggih punika buku2 : Paramabasa Ki Padmasusastra, Kartibasa, Parama- sastra pak Abdullah, Dwidjaséwajan lsp.

Wasana manawi wonten tuna dungkapipun njuwun gunging pangaksama.

Nuwun !

Surakarta, 17 September 1954.

Kula pun :

K. Prawirasubrata.

PURWA KA
Tjap-tjapan kaping VIII

Tjap-tjapan kaping VIII punika sami kalijan tjap-tjapan ingkang kaping VII.

Surakarta, 17 September 1955.

Kula pun :

K. Prawirasubrata.

ISI BUKU

Halaman.

RINGKESAN ISINE	3
I. BAB ATER-ATER	5
1. Ater-ater : sa	5
2. Ater-ater : pa	5
3. Ater-ater : pi	6
4. Ater-ater : pra	6
5/8 Ater-ater : Anuswara	7
9/11 Ater-ater : Tripurusa	9
12/13 Ater-ater : ka, ke	9
14/15 Ater-ater : a, ma	10
16/18 Ater-ater : kuma, kami, kapi	11
19. Ater-ater : tar	12
II. BAB SESELAN	12
1/2 Seselan : er, el	12
3. Seselan : um	13
4. Seselan : in	14
III. BAB PANAMBANG	15
1/3 Panambang : ku, mu, é	15
4/5 Panambang : an, en	16
6/7 Panambang : i, aké	16
8/10 Panambang : a, ana, na, né	17
IV. RIMBAG RANGKEP (Reduplication)	18
V. TEMBUNG TJAMBORAN (Madjemuk)	20
VI. TEMBUNG WANTJAHAN	20
VII. UKARA LAN PANGRATJUTÉ	21
VIII. PANJILAHING TEMBUNG	24
IX. DJENENGING RIMBAG	25

RINGKESAN ISINÉ

- Wod = tembung saketjar kang wis ngemu teges,
upama : pit, luk, suk.
Lingga = tembung asal, upama : lempit, tjeluk, usuk.
Andahan = tembung kang wis owah saka linggané :
nglempiti, njelukaké, ngusuki.

I. Ater-ater (Awalan).

- | | | |
|--------|---|-------------------------------------|
| 1. sa |) | |
| 2. pa |) | ater-ater + lingga = lingga-andahan |
| 3. pi |) | Basa Indonesia : se, pe, per. |
| 4. pra |) | |

Anuswara:

- | | | |
|-------|---------------------------|--|
| 5. n | (d.d.t.t.) |) Ater2 + Lingga = tanduk
(active). Indonesia : me. |
| 6. nj | (dj.s.tj.) | |
| 7. m | (b.p.w.) | |
| 8. ng | (a.i.u.e.o.
g.r.l.j.k) | |

Tripurusa :

- | | | |
|--------|---|---|
| 9. dak |) | |
| 10. ke |) | ater-ater + lingga = tanggap (passive). |
| 11. di |) | Indonesia : ku, kau, di. |

Ka - ke :

- | | | |
|--------|---|---------------------------------------|
| 12. ka | : |) ater2 + lingga = tanggap) kadjarag. |
| 13. ke | : | |

a - ma :

- | | | |
|--------|---|---|
| 14. a |) |) ater2 + lingga = bawa : ha ^o (Indonesia : ber) |
| 15. ma |) | |

kuma - kami - kapi :

- | | | |
|----------|---|------------------------|
| 16. kuma |) | ater2 + lingga = bawa. |
| 17. kami |) | arang2 kasrambah. |
| 18. kapi |) | |

tar :

19. tar : Indonesia : ter.

II. Seselan (Sisipan): seselan = V

- 1. er) Indonesia : er, el, em.
- 2. el)
- 3. um) lingga + V um = bawa : ma^o
- 4. in) lingga + V in = tanggap : na^o

III. Panambang (achiran):

- 1. ku)
- 2. mu) Indonesia : ku, mu, nja.
- 3. é) :
- 4. an) :lingga + an = tembung aran.
- 5. en) :rimbag : guna, pakon.
- 6. i) :tanduk + i = tanduk-i-krija.
- 7. aké) : " + aké = tanduk-ké-krija.
- 8. a^o) :rimbag : sambawa, pakon.
- 9. ana^o) : " : " , "
- 10. na^o) : " : " , "
- 11. né) : " : tandang.

IV. Rimbag rangkep :

- 1. Dwipurwa) : wandané wiwitan dirangkep
- 2. Dwilingga) : tembungé dirangkep.
- 3. Dwiwasana) : wandané wekasan dirangkep.

V. Tembung tjamboran : VI. Tembung wantjahan.

Tjamboran wutuh.
Tjamboran tugel.

VII. Ukara lan pangratjut. VIII. Panjilahing tembung.

IX. Djenenging rimbag : (djininging tembung).

≡ BAB ATER-ATER ≡

(1) Ater-ater : sa

Wudjud, pangrimbag, teges :

1. sèket	< sa + iket	= <u>sidji</u>
2. sakaropé	< sa + karep + é	= <u>sabarang</u>
3. sadjagat	< sa + djagat	= <u>kabèh ing</u>
4. sakamar	< sa + kamar + é	= <u>nunggal</u>
5. salapaké	< sa + lapak + é	= <u>karo</u>
6. sagunung	< sa + gunung	= <u>pada karo</u> ;
7. satokané	< sa + teka + é	= <u>bareng wis</u>
8. saentèké	< sa + entèk + é	= <u>nganti</u>
9. sasasiné	< sa + sasi + é	= <u>saben</u>
10. sakoberé	< sa + kober + é	= <u>angger, djandji.</u> (antjer2).
11. saweruhku	< sa + weruh + ku	= <u>manut apa kang.</u>

Katrangan :

sakésuk	< sa + ésuk	} dikantèni aksara : k,
sakodjur	< sa + udjur	
sakétja	< sa + étja	
sakéndjing	< sa + endjing	
suwau	< sa + wau	} jèn pugwaning lingga : w, sa > su
suwalik	< sa + walik	
suwawa	< sa + wawa	
suwenèh	< sa + wenèh	

(2). Ater-ater : pa.

Wudjud, pangrimbag, teges :

1. pasumbang	< pa + sumbang	= <u>srana</u>
2. padang	< pa + adang	= <u>tukang</u>
3. pakon	< pa + akon	= <u>lésaning krija</u> (tembung aran)
4. Pagijanti	< pa + gijanti	= <u>lelakon</u>
5. Panginang	< pa + ng + kinang	= <u>ukuran.</u>
6. Pangarit	< pa + ng + arit	= <u>tukang</u>

- 7. pambedilé < pa + m + bedilé = anggoné
- 8. pagadéan < pa + gadé + an = panggonan.
- 9. paukuman < pa + ukum + an = bab
- 10. panèn < pa + èni + an = mangsa.
- 11. palungguhan < pa + lungguh + an = piranti, panggonan.
- 12. panjukuran < pa + nj + tjukur + an = piranti.
- 13. panembahan < pa + n + sembah + an = wong kang di.

Katrangan :

- 1. pidji < pa + idji) ater-ateré luluh karo purwané
- 2. pèmut < pa + émut) lingga
- 3. pomah < pa + omah)
- 4. patjolot < pa + n + tjolot)
- 5. pangkirig < pa + ng + kirig) pa sigeg ing aksara
- 6. pangkureb < pa + ng + kureb) irung

(3). Ater-ater : pi.

- 1. pituwas < pi + tuwas = patuwas.) pi luwih.
- 2. pinudju < pi + n + tudju = panudju) alus lan
- 3. pitakonon < pi + takon + an = patakonon) bregas.

Katrangan :

- 1. pinuwunan (panuwun) luwih prajoga : pinuwun (panuwun).
baé.
- 2. pinangka < pinaka (Kawi) = kanggo (minangka)

(4). Ater-ater : pra.

Ater-ater : pra sedjatiné ater-ater Skrt., tegesé : ngarep.

Ing basa Djawa lumrahé tumandja kabregasan sarta sok owah paketjapané dadi : par, per, pre.

- 1. prakara = parkara = perkara = prekara.
- 2. prajaji = prijaji } owahé mau marga kedajan
- 3. prajoga = prijoga } aksara : j.
- 4. prajaji = prijaji = pijaji = pajaji.

5. pratapan < pra + tapa + an = panggonan.
 6. pranatan < pra + n + tata + an = srana.
 7. prasanakan < pra + sanak + an = pada sanakan.

Katrangan :

1. para mantri = kabèh mantri.
 2. para wadulan = seneng wadul.
 3. pari-padu = kabèh kang nganggo padu.
 4. pari-krama = kabèh kang nganggo krama (subasita).

(5) (6) (7) (8). Ater-ater : Anuswara.
 (n, nj, m, ng.)

Wudjud, pangrimbag :

- | | | | | |
|---|----------|---|-------------|-------------|
| { | ndagang | < | n + dagang | (d) |
| | nulis | < | n + tulis | (t. luluh) |
| | nduduk | < | n + duduk | (d) |
| { | nutuk | < | n + tutuk | (t. luluh) |
| | ndjaluk | < | nj + djáluk | (dj) |
| { | njakot | < | nj + tjakot | (tj. luluh) |
| | mblituk | < | m + blituk | (b) |
| { | mikut | < | m + pikut | (p. luluh) |
| | nggambar | < | ng + gambar | (g) |
| { | ngudang | < | ng + kudang | (k. luluh) |

Teges : Linggané : tembung (tb) aran :

1. ndjala, mentung = nganggo.
 2. medi, nggegér sapi = mèmper.
 3. ngratu, mbapa = nganggep.
 4. ngundjara, nggedong = nglebokaké ing.
 5. nggambar = gawé.
 6. ngadaton, ngalor = ngener ing.
 7. masanggrahan, magelaran = manggon ing.
 8. njantri, mandé = dadi (nglakoni), paga-
wéané. . . .)
 9. ndjagung, ngetom = nanduri.
 10. njuguh, mbajar = mènèhi (ngeteri).

Linggané : tb. wilangan :

- 1. njatus, matang kati = sidji - sidjiné.
- 2. ngero (ngapit) = nandingi (nikéli).

Linggané : tb. krija - lingga.

- 1. nuku, ndahar = nindakaké.

Linggané : tb. panguwuh :

- 1. ngaduh = ngutjap aduh.
- 2. mbeŋgingèh = muni : beŋgingèh.

Katrangan :

a. Jèn linggané apurwa aksara : w, w mau malih dadi : m utawa ng :

- 1. wadung > madung
- 2. wonten > ngawontenaken
- 3. wétan > ngétan.
- 4. wungkal > ngungkal.

b. Jèn linggané apurwa aksara: s utawa tj, mangka aksara wanda tjandaké : tj, ty, dj, dy, utawa : s utawa tj. mau luluh dadi : n. :

- 1. tjatjah > natjah) saiki lira - liru :
- 2. sidji > nidji) nidji = njidji
- 3. sedya > nedya) nutjuk = njutjuk

c. n karo nj béda mungguhing teges :

- 1. nembah = ngadjèni (ora kudu kanti sembah).
- 2. njembah = ngormati sarana njembañ.
- 1. nandang = nglakoni.
- 2. njandang = nganggo sandangan.

d. Sawenèh ana tembung aksarané irung : nga.

- 1. ngabekti < nga bekti.
- 2. ngadjawa < nga djawa.

e. wod : lih > alih, elih :

- 1. ngalih = genti enggon.
- 2. ngelih = nggawa ngalih.

wod : rit > arit, erit.

- 1. ngarit = ngupaja suket sarana arit.
- 2. ngerit = mantjas suket sarana arit.

- f. Sakabéhing tembung lingga sing oleh ater - ater anuswara, diarani : tembung tanduk. Samono uga ukarané diarani : ukara tanduk (active voice).

(9) (10) (11). Ater-ater : tripurusa.

Wujud, pangrimbag lan teges :

- a.
- | | | | | | | |
|-------------|---|-----|---|-------|---|--------------------------|
| 1. dakwatja | < | dak | + | watja | = | <u>aku sing matja</u> |
| 2. kosambi | < | ko | + | sambi | = | <u>kowe sing njambi.</u> |
| 3. dipeksa | < | di | + | peksa | = | <u>sing meksa sianu.</u> |
- b. Tandang :
- | | | | | | | | | | | |
|----------------|---|-----|---|-------|---|----------------------|---|---------------------------|---|-------------------------|
| 1. dakgawané | < | dak | + | é | = | <u>arep dakgawa.</u> | | | | |
| 2. dakpagerané | < | dak | + | pager | + | an | + | é | = | <u>arep dak pageri.</u> |
| 3. dakkandakné | < | dak | + | kanda | + | né | = | <u>arep dakkandakaké.</u> | | |
- c. Sananta :
- | | | |
|--------------------|---|-------------------|
| 1. dak munggah | = | arep munggah. |
| 2. dak ngunggahahi | = | arep ngunggahahi. |
| 3. dak ngunggahaké | = | arep ngunggahaké. |
| 4. di ngati - ati | = | sing ngati - ati. |

Katrangan :

- Ing kawruh paramasastra rimbag 3 warna ing duwur iku diarani :
- rimbag tanggap tripurusa (Utama - madhyama - pratama - purusa).
 - rimbag tandang.
 - rimbag sananta. (Sananta - utama - purusa lan sananta - pratama - purusa).

(12) (13). Ater-ater: ka, ke.

Wujud, pangrimbag lan teges :

a. Tanggap :

- | | | | | | | | | | |
|---------------|---|----|---|-------|---|---------|--------------|---|------------|
| 1. katulis | < | ka | + | tulis | = | ditulis | } (kadjarag) | | |
| 2. katulisan | < | ka | + | tulis | + | an | | = | ditulisi |
| 3. katulisaké | < | ka | + | tulis | + | aké | | = | ditulisaké |

b. Bawa :

- 1. ketjemplung < ke + tjemplung = njemplung ora kadjarag.
 - 2. kewelèh < ke + welèh = kena ing welèh
 - 3. kobongan < ke + obong + an = kena ing . . . kedunungan, nandang.
- } kaanan (ora ka-dja-rag).

c. Tembung aran :

- 1. kawruh < ka + weruh) lumrahé dianggep tb.
- 2. karsa < ka + arsa) lingga (lingga-andahan).

Katrangan :

1. ke luluh karo purwaning lingga.

- keris < ke + iris.
- kidak < ke + idak.
- kemor < ke + emor.
- kobong < ke + obong.
- kongas ke + ungas.

2. jèn purwaning lingga : r, w, l, :

- krungu < ke + rungu.
- kwalik < ke + walik.
- kliru < ke + liru.

3. Jèn mratélakaké urutaning tjatjah, pétungan lan mangsa :

- kepitu lira-liru karo kapitu
- klima-tengah lira-liru karo kalima-tengah.
- kesepuluh " " kasepuluh.

4. Bab : ater-ater : ka (ke) + panambang ; an (en) ndelenga pérangan Panambang.

(14) (15). Ater-ater : a, ma.

Wudjud, pangrimbag lan teges :

- 1. adus < a + dus = obah.
- 2. abang < a + bang = kaanan.

3. akembang	<	a + kembang	= metu
4. asirah	<	a + sirah	= <u>darbé</u>
5. aklambi	<	a + klambi	= <u>nganggo</u>
6. maguru	<	ma + guru	= <u>golèk ngèlmu marang</u>
7. magawé	<	ma + gawé	= <u>njambut gawé</u> . guru.
8. mobah	<	ma + ubah	= <u>obah</u> .

Katrangan :

Ater2 a lan ma jèn ditanding karo basa Indonesia ana sing pada karo awalan : ber :

<u>asirah</u>	= <u>berkepala</u> .
<u>aklambi</u>	= <u>berbadju</u> .
<u>magawé</u>	= <u>bekerdja</u> .
<u>mobah</u>	= <u>bergerak</u> .

Pantjèn mula bukané ater2 rong warna iku, asalé saka ater2 Djawa-kuna, tuladané :

<u>adyus</u>	}	= bermandi.
<u>madyus</u>		

(16) (17) (18). Ater-ater: kuma, kami, kapi.

Wudjud, pangrimbag lan teges:

1. kumawani < kuma + wani = banget anggoné wani.
2. kamigilan < kami + gila + an = banget anggoné gila.
3. kapiadreng < kapi + adreng = banget anggoné adreng.

Katrangan :

1. Ater-ater 3 warna ing duwur iku mung tumrap ana ing tembung lingga sarta tègesé pada déné luwih saka tembungé kang diraketi. (mbangetaké).
2. Ater-ater : kuma sok tjawuh karo seselan : um. Upama : kumaju ana sing ngarani : rimbag bawa-kuma. Iku luput, marga ora nduwèni teges luwih, malah kurang.
3. Ater-ater + lingga = rimbag: bawa (bawa-kuma, bawa-kami, bawa-kapi).

4. Ater2 : kuma-kami-kapi arang2 kesrambah.

(19). Ater-ater : tar.

Wudjud, pangrimbag lan teges :

- tartantu < tar + tantu = tantu.
- tarkadang < tar + kadang = kadang.
- tarwéla < tar + wéla = wéla-wéla-.

Katrangan :

1. Paketjapané sok owah dadi : ter, tre.
2. Tegesé ater-ater : tar pada baé karo linggané, bédané mungguhing pangrungu, pakétjapané luwih ngengrèng utawa bregas.
3. Pada karo ing basa Indonesia : terkadang-kadang.

--0000--

II. BAB: SESELAN

(1) (2). Seselan (√): er, el.

Wudjud, pangrimbag lan teges :

- 1. tjrekot < tjekot ✓ er = ambal-ambalan.
- 2. trambal < tambal ✓ er = njrambahi.
- 3. gramang < gamang ✓ er = akèh
- 4. dlèwèr < dèwèr ✓ el = sarenti } wis ora
 utawa a } kawruhan te-
lon2-an } gesing ling-
 gané.
- 5. sliri < siri ✓ el = akèh.

Katrangan :

1. Tjak-tjakané ing ukara dikantèni tembung pating : pating tjrekot, pating gramang lsp.
2. Jèn linggané apurwa aksara swara, r lan l, purwané lingga kasalanan ing k :

awu	>	kelawu	>	klawu
éwa	>	keléwa	>	kléwa
rengkèt	>	karengkèt	>	krengkèt
lontrong	>	kelontrong	>	klontrong.

3. Sok diandahaké manèh, marga kanggep lingga :

kringis	>	kumringis.
krubut	>	kumrubut.
klawé	>	kumlawé.

(3). Seselan : UM.

Wujud, pangrimbag lan teges :

1. tumandang	<	tandang	✓	um	=	(<u>krija, kaanan</u>).
2. mabur	<	abur	✓	um	=	(<u>krija, kaanan</u>). ✓
3. rumudjak	<	rudjak	✓	um	=	<u>nedeng-nedengé</u> ✓
4. kumaki	<	kaki	✓	um	=	<u>duwé anggép.</u> ✓
5. gumleger	<	gleger	✓	um	=	<u>kedunungan, kaanan.</u> ✓
6. kumuning	<	kuning	✓	um	=	(<u>tb. aran</u>). ✓
7. dumugi	<	dugi	✓	um	=	(<u>tb. krama</u>). ✓

Katrangan :

1. Jèn apurwa aksara swara, um katulis ing sangareping linggané, bandjur kawantjah :

adju	>	umadju	>	madju
inger	>	uminger	>	minger

2. Jèn apurwa aksara w, p, purwa : w, p, dianggep ora ana salin aksara swara (aksara tjandaké), sawisé oleh um, uga bandjur kawantjah :

wetu	>	umetu	>	metu
pati	>	umati	>	mati
wuwus	>	umuwus	>	muwus

3. Jèn apurwa aksara swara, : w, p, b, bandjur owah dadi : k utawa : g :

aju	>	kumaju.
ingsun	>	kumingsun.
emping	>	kumemping.
wasis	>	kumasis.

panggang > kumanggang.
 bagus > gumagus.

4. nini > kumini
 ngungun > kumangungun } Kaprijé pangrimabagé ?
 Apa bédané ?

5. Bédaning tegesé ater2 kuma lan seselan um :

a. kuma = ndajani teges banget utawa luwih (saka ing sapatuté).

b. um = kadunungan kaanan (kumemping), anggepé kaja . . . (kumaju), krija (tumandang)

6. Teges warna loro : (kaanan lan krija)

a. Lawangé saben dina menga (kaanan)

b. Djendélané ketampek angin, bandjur menga (krija).

a. Gambar mendjangan tjangkemé mangap baé (kaanan).

b. Tjangkemku ora kena dak-anggo mangap (krija).

7. Bawa : mā nunggal teges karo tanduk:

kumlawèr (bawa : mā) = nglawèr (tanduk).

gumuju (bawa : mā) = ngguju (tanduk).

8. Rimbagé : Bawa : mā.

(4). Seselan : IN.

Wudjud, pangrimbag lan teges :

tinulis < tulis ✓ in = katulis = ditulis.

winor < wor ✓ in = kawor = diwor.

sinekti < sekti ✓ in = dianggep sekti.

tinulisan < tulis ✓ in = an = ditulisi = katulisan.

Katrangan :

1. Tembung njawanda : sung > sinung.
 pèk > pinèk.
 kèn > kinèn.

2. Tembung sinung sok diandahaké manèh : kasinungan, nji-nungi.

pinarak > dipinarakaké, minarakaké, pinarakan.

3. Tembung ngandikakaké utawa ndikakaké.
wutuhé : ingandikakaké < andika√ in + aké = di-
dawuhi.
4. Tembung sing linggané apurwa aksara swara,
√ in owah dadi ing sarta bandjur katulis ing sanga-
reping linggané.
5. Aksara irung (n, nj, m, ng) ora lumrah olèh in :
njinunjuk ora dadi : njinunjuk.
ngungun " " : nginungun.
6. Rimbagé aran : Tanggap : na.

--oo0oo--

III. BAB: PANAMBANG

(1) (2) (3). Panambang:ku, mu, é.

Wujud, pangrimbag lan tegesé :

- | | | | |
|--------------|---|--------------|-----------------------------|
| a. pirantiku | < | piranti + ku | } tegesé : <u>nduwèni</u> . |
| b. bukumu | < | buku + mu | |
| c. klambiné | < | klambi + é | |

Katrangan :

- 1) é sok lira-liru karo ing :
djeroné segara kena diukur = djeroning segara kena
diukur.
- 2) é ora kena lira-liru karo ing :
"rasané kopi, temené soklat" ora kena :
"rasaning kopi, temening soklat".
- 3) é liniru ing : né.
sarèhné = sarèhé (ora lumrah).
ajakné = ajaké.
embahné = embahé.

(4) (5). Panambang : an, en.

Wudjud, pangrimbag lan teges:

batikan	<	batik	+ an = <u>olèh - olèhané</u>
pañdéan	<	pañdé	+ an = <u>panggonan</u>
djaranan	<	djaran	+ an = <u>tetironé</u>
tulupan	<	tulup	+ an = <u>piranti</u>
tabokan	<	tabok	+ an = <u>genti</u>
belèhan	<	belèh	+ an = <u>sedijan</u>
tugelan	<	tugel	+ an = <u>gampang</u>
tjatjaren	<	tjatjar	+ en = <u>nandang lara</u>
tontonen	<	tonton	+ en = <u>tansah kedunungan</u>
djupuken	<	djupuk	+ en = (<u>pakon</u>).....

Katrangan :

Sakabèhing tembung kang olèh panambang : an diarani: wisé-sana. (Wisésana-lingga, wisésana dwipurwa lsp.)

Tembung lingga kang olèh panambang : en, diarani : rimbag-guna. (uleren, sakiten) utawa rimbag-pakon (djupuken ! tulisen!).

Tembung lijané kang karaketan panambang : an, en.

<u>kadjupukan</u>	=	<u>didjupuki</u> .
<u>kabupatèn</u>	=	<u>panggonan</u>
<u>kasugihan</u>	=	(<u>tembung aran</u>).
<u>kelarangan</u>	=	<u>larang banget</u>
<u>kepatèn</u>	=	<u>nandang ana sing</u>
<u>kepangaloren</u>	=	<u>kakèhan ngaloré</u>

(6) (7). Panambang : i, aké.

Wudjud, pangrimbag lan teges :

nanduri	<	n + tandur	+ i = nandur <u>ing</u>
nakoni	<	n + takon	+ i = takon <u>marang</u>
nggateli	<	ng + gatel	+ i = <u>ndjalari</u>
njepasari	<	nj + sepasar	+ i = <u>slametan kabener se-pasar</u>

mbosoki	<	m + bosok	+ i = <u>wiwit bosok.</u>
nduwuri	<	n + duwur	+ i = <u>gawé luwih.....</u>
nêloni	<	n + telu	+ an + i = <u>ngganepi dadi ..</u>
ndésani	<	n + désa + an	+ i = <u>mèmper wong désa.</u>
mangani	<	m + pangan	+ i = <u>nedeng-nedengé dojan.....</u>
Nulisaké (adiné)	<	n + tulis + aké	= <u>nulis kanggo..</u>
mlajokaké (potelot)	<	m + plaju + aké	= <u>nggawa.....</u>
mbeneraké	<	m + bener + aké	= <u>nganggep</u>
njudukaké	<	nj + suduk + aké	= <u>njuduk nganggo..</u>
ngambakaké	<	ng + amba + aké	= <u>gawé.....</u>
ngulukaké	<	ng + uluk + aké	= <u>ndjalari.....</u>
nambakaké	<	n + tamba + aké	= <u>akon.....</u>

Katrangan :

Tembung kang rinaketan panambang : i, aké iku jèn dirangkep, panambangé ora diambali sarta jèn purwaning lingga ora luluh karo ater-ateré (anuswara), ater-ateré mau mung katulis sapisan ana ing bebukaning dwilingga, upamané :

ndandan-dandani (paketjapané : ndandan-ndandani)
ndjadjak-djadjakaké (paketjapané : ndjadjak-ndjadjakaké).

diparan - parani.

dipakak - pakakaké.

(8) (9) (10). Panambang : a, ana, na.

Wudjud, pangrimbag lan teges :

- a) 1. nggawaa < ng + gawa + a = supaja nggawa.
2. nggawanana < ng + gawa + an + ana = supaja nggawani.
3. nggawakna < ng + gawa + na = supaja nggawakaké.
- b) 1. ngakua < ng + aku + a = upama ngaku.
2. ngakonana < ng + aku + an + ana = upama ngakoni.
3. ngakokna < ng + aku + na = upama ngakokaké.
- c) 1. nimba < n + timba + a = sanadjan nimba.
2. nimbanana < n + timba + an + ana = sanadjan nimbani.
3. nimbakna < n + timba + na = sanadjan nimbakaké.

- d) 1. mangsa bisaa < bisa + a = mokal bisa.
- 2. udana < udan + a = mbok ija udan.
- e) 1. djupukana < djupuk + ana = supaja didjupuki.
- 2. djupukna < djupuk + na = supaja didjupukaké.

Katrangan :

- a. Rimbag kasebut ing a) 1, 2, 3, lan e) 1, 2, iku nduwèni surasa pakon. Golongan a): pakoning tanduk, Golongan e) pakoning tanggap.
- b. Perangan b) lan c) pada nduwèni surasa djanggelan.
- c. Pérangan d) 1; mokal kelakoné, déné pérangan d) 2; pe-ngarep-arep.

(II). Panambang : né.

Wudjud, pangrimbag lan teges :

nDelenga ater-ater; Tripurusa ! (dakkandak-né).

--oo0oo--

IV.

RIMBAG: RANGKEP
(reduplication)

Wudjud, pangrimbag lan teges :

a. Dwipurwa :

- | | | | | |
|---------------------------|---|------------------|---|---------------------------------------|
| 1. lelurah | < | lu - lurah | } | nduwèni teges:
<u>ora gumatok.</u> |
| tetuku | < | tu - tuku | | |
| neningali | < | ni - ningal + i | | |
| nenelukaké | < | ne - neluk + aké | | |
| kekalih | < | ka - kalih | | |
| tetukaran | < | tu - tukar + an | | |
| 2. lelandep < la - landep | | | | |
| pepedès | < | pe - pedès | } | kabhèh kang..... |
| tetuwuhan | < | tu - tuwuh + an | | |

3. bebetjiké < be - betjik + é) sing luwih betjik.

Katrangan :

Rimbag : dwipurwa iku tembung kang dirangkep purwané (dwi = loro : purwa = wiwitan).

Panulisé ing sastra Latin, wandané wiwitan (rangkepané)

liniru ing : e. Tembung kang luwih saka 2 wanda, ora kena digawé dwipurwa.

b. Dwilingga :

Wudjud, pangrimbag lan teges :

pitik-pitiké < pitik + pitik + é = kabèh (akèh).

matja-matja < matja + matja = upama. *wakon*

takon-takon < takon + takon = tansah. *6*

bola-bali < bali + bali = tansah. *6*

Katrangan :

Tembung kang dirangkep linggané aran : Dwilingga.

Kang adjeg (ora owah) swarané, diarani : Dwilingga wantah.

Kang owah swarané, aran : Dwilingga salin swara.

Tembung andahan uga kena dirangkep :

ditulisi > ditulis-tulisi

sadina > sadina-dina

tumular > tumular-tular

rungonen > rungon-rungonen.

c. Dwiwasana :

Wudjud, pangrimbag lan teges :

tjekakak < tjeka(k) + kak = ngguju seru.

tjeluluk < tjelu(k) + luk = alok-alok.

Katrangan :

Tembung kang dirangkep wandané pungkasan, diarani : dwiwasana.

Lumrahé awudjud: lingga andahan sarta sok dipanam -
bangi an.

V.

TEMBUNG TJAMBORAN (MADJEMUK)

Wudjud, pangrimbag lan teges :

- | | |
|---------------|--|
| bapa-bijung | = bapa lan bijung. |
| gedé-tjilik | = gedé <u>utawa</u> tjilik. |
| tukang-sepatu | = tukang <u>pakarjané</u> gawé sepatu. |
| dubang | = idu abang (iduné wong ngingang). |
| nagasari | = djenenge panganan. |

Katrangan :

Tembung kang panjamboré wutuh, diarani : tjamboran wutuh (wong-tuwa, tumpuk-undung).

Tembung kang panjamboré tugel, diarani : tjamboran tugel (dubang, kakkong).

---00000---

VI.

TEMBUNG WANTJAHAN

- | | | | | | |
|---------|---|-----------|------|---|---------|
| Na ! | < | Sadina ! | nika | < | punika. |
| Di ! | < | Adi ! | teng | < | dateng. |
| dèn mas | < | radèn mas | mang | < | samang. |

Katrangan :

Tembung kang diwantjah utawa ditjekak iku tumrap adjining tegesé bandjur suda.

Mulané tembung wantjahan mung katuadjokaké marang wong kang wis kulina baé.

Tembung krama jèn diwantjah dadi tembung madya.

---00000---

VII. UKARA LAN PANGRATJUTE

Ukara Lamba (ukara tjendak) :

1. Dèk wingi ing kéné ana sédan.
2. Aku tukokna buku !
3. Adja mangan karo mlaku !
4. Muga-muga gangsara anggonmu sekolah !

Ukara tjamboran = ukara lamba loro utawa luwih (pang - gandèngé nganggo tembung panggandèng utawa pangiket):

1. Djarwa didukani guruné sarta disuda bidjining kalakuané.
2. Bukuné diwatja marambah-rambah, bandjur disimpen ing lemari.
3. Botjah iki kesèdé ora djamak, luwih2 bareng sikilé lara.
4. Botjah kaé apik rupané, nanging kok ala atiné.
5. Aku ora mlebu sekolah, sabab lara.
6. Hendungé nggandul, mulané nggawaa pajung.

Katrangan :

1. Ukara Djawa iku "katrangané" dumunung ing saburiné bab utawa prakara kang diterangaké. Upama :

<u>Omah gedé</u> ora kena : gedé omah	} ngèlingana "hukum" D.H."
<u>botjah pinter</u> ora kena : pinter botjah	
<u>médja dahar</u> " " : dahar médja	
<u>manuk otjèhan</u> " " : otjèhan manuk	

2. Tumrap ukara tanduk (wasésané kadunungan ater2-anuswara) sing didisikaké: djedjering ukara, bandjur wasésa lan lésan. Mungguh "katrangan" iku sok ana ing ngarep, sok ana ing buri utawa ing tengah.

Semono uga tumrap ukara tanggap (wasésané kadunungan ater2-tripurusa). Tulada :

- a. Sardi (djedjer) nulis (wasésa) lajang kiriman (lésan).
- b. Mau (katrangan) duwité Tarman (djedjer) ditjolong (wasésa) kantjané (katrangané).

3. Ukara rong warna ing duwur iku kena diwalak-walik (transitive), djedjer dadi lésan, lésan dadi djedjer. Ukara kang ora kena diwalik, upama :

uduné <u>metjah</u>	} (intransitive)
aku <u>туру</u>	
endogé <u>netes.</u>	

PANGRATJUTING UKARA.

(udalan ukara, udalan tembung)

Ukara iku pérangané kang baku ana loro : djedjer lan wasésa. (udalan ukara).

Pérangan lijané jaiku : lésan lan katrangan.

Djedjer = péranganing ukara kang ditjaritakaké (Pokok kalimat).

Wasésa = tjaritaning djedjer. (sebutan).

Lésan = péranganing ukara kang nandang (katrangan-an).

Warna-warnaning katrangan :

katr. panggonan, mangsa (wajah), sabab, kadadéan, antjas, pepindan, kaanan lsp.

Tulada :

1. Bagija nulis lajang.

Bagija - djedjer.

nulis - wasésa.

lajang - lésan.

2. Mau bengi aku nginep ing omahé kantja.

Aku - djedjer.

nginep - wasésa.

mau bengi - katrangan wajah.

ing omahé kantja - katrangan panggonan.

3. Pité mitraku daksilih limang dina.
 Pité mitraku - djedjer.
 daksilih - wasésa.
 limang dina - katrangan mangsa.
 mitraku - katrangan djedjer.
4. Adja nerak wewalering wong-tuwamu !
 (kowé) - djedjer sideman.
 adja nerak - wasésa.
 wewalering wong-tuwamu- lésan.
 adja - katrangan pamenging.
 wong-tuwamu - katrangan lésan.

Udalan tembung :

Pangratjut (pangudal) manut djinising tembung,
 upama : Si Darma tuku pit limang atus rupijah,
 wah apik banget !

si	- tb. panggenah.
Darma	- tb. aran (djeneng).
tuku	- tb. krija.
pit	- tb. aran.
limang	- tb. wilangan.
atus	- tb. wilangan.
rupijah	- tb. aran.
wah	- tb. panguwuh.
apik	- tb. kaanan.
banget	- tb. katrangan.

Katrangan ; Tembung : ngrimbag ing kawruh paramasastra
tegesé :
 nggolèki lingganing tembung, ater?, seselan, panam-
bang lsp.

(djinising tembung kalarasaké karo basa mantja)

1. Tembung krija (=verb) = sarupaning tembung kang mraté - lakaké solah bawa utawa pagawéan :
tuku, gawa, nulisi, sinau, tetuku, lsp.
2. Tembung aran (substantive) = sarupaning tembung kanggo ngarani djenengé samubarang maudjud utawa kang dianggep maudjud :
watu, banju, angin, nagara, kapinteran, pangarsa, lsp.
3. Tembung kaanan (adjective) = sarupaning tembung kang mra-télakaké kaananing samubarang :
gedé, pinter, linuwih, mardika, kuma-wani, gumagus, lsp.
4. Tembung katrangan (adverb) = sarupaning tembung kang ne-rangaké tembung kaanan utawa tembung krija :
banget, mau, bésuk, ngendi-endi, bolmanawa, mesti, lsp.
5. Tembung sesulih (Pronoun) = sarupaning tembung minangka sesulihing barang maudjud utawa kang dianggep maudjud ; kapérang dadi 5 golongan :
 - a. tembung purusa : aku, kowé, sianu, kula, sampéjan , pandjenengan lsp.
 - b. tembung darbé : - ku, - mu, - é.
 - c. tembung pituduh: iku, iki, ika, kijé, kuwi, kaé.
 - d. tembung pitakon: sapa, apa, endi, ngendi, kapan, ka-prijé, lsp.
 - e. tembung panggèndèng: kang, sing, ding.
6. Tembung wilangan (numeral) = sarupaning tembung kang mra-télakaké tjatjah :
sidji, loro, telu, kapisan, kapindo, sawatara, lsp.
7. Tembung panggèndèng (Conjunction) = sarupaning tembung kang nggandèng ukara utawa tembung :
lan, sarta, utawa, wondéné, sarèhné, marga, mulané, éwadéné, lsp.

8. Tembung panggenah (artikel) = sarupaning tembung kang mratélakaké barang kang wis genah anané :
sing, sang.
(ponang lan kanang mung kanggo ing tembang),
9. Tembung dunung (preposition) = sarupaning tembung kang mratélakaké dunung, ener lsp.
ing, ingarep, menjang, marang, déning, lsp.
10. Tembung panguwuh (interjection) = sarupaning tembung kang mratélakaké panguwuh utawa pasambat :
lo, wah, aduh, toblas, lsp.

--oo0oo--

IX. DJENENING RIMBAG

1. Lingga andahan :
Sarupaning tembung lingga kang olèh ater2 sa - pa - pi - pra utawa kadunungan seselan : er, el.
(ndelenga ktj. 5lan12).
2. Tanduk : (active).
Sarupaning tembung lingga kang kadunungan ater2 anu- swara sarta kapérang dadi 3 golongan :
a. tanduk krijawantah : nulis.
b. tanduk-i-krija : nulisi.
c. tanduk-ké-krija : nulisaké.
(katja :16 lan 17 bab panambang : i lan aké).
3. Tanggap : (passive).
Sarupaning tembung lingga kang kadunungan ater2 tri- purusa, ater2 ka, lan seselan ; in :
a. tanggap utama-purusa-krijawantah,
- ikrija, - kékrija :
dakwatja, dakwatjani, dakwatjakaké.
b. tanggap madyama-purusa-krijawantah,
- ikrija, - kékrija :
kotulung, kotulungi, kotulungaké.

c. tanggap pratama-purusa-krijawantah.
 ikrija, - kékrija :
digarap, digarapi, digarapaké.

d. 1. tanggap - k^o - krijawantah : katandur
 2. tanggap - k^a - ikrija : katanduran.
 3. tanggap - k^a - kékrija : katanduraké.

e. 1. tanggap - n^o - krijawantah : pinatjul
 2. tanggap - n^o - ikrija : pinatjulan
 3. tanggap - n^o - kékrija : pinatjulaké.

f. tanggap - tarung : tjakot-tjinakot,
apura-ingapura.
 (tegesé : pada déné.....)

4. Tandang : (ktj: 9).

Sarupaning tembung lingga kang kadunungan ater2 :
dak lan panambang : é, dak + an + é, dak - né.

Dapur krijawantah : dakgawané.
 " ikrija : dakgawanané.
 " kékrija : dakgawakné.

5. Sananta : (ktj. 9).

Tembung tanduk, krija-lingga, lingga-andahan lsp.
 kang kadunungan ater2. dak utawa di :

a. sananta-utama-purusa-krijawantah,
 - ikrija, - kékrija :
 dak ngukur, dak ngukuri,
 dak ngukuraké.

b. sananta-pratama-purusa :
 di mangétan, di taberi, di prajitna.

6. Bawa : (intransitive).

Sarupaning tembung lingga (wod) kang oleh ater2 :
 ka, a, ma, kuma, kami, kapi lan seselan ; um.

a. Bawa-k^a : (ktj.10).

1. dapur wantah : kobong, ketjemplung.
 2. dapur wisésana : kobongan, ketjemplungan.

b. Bawa-hā : (katja 10,11).

adus, asikil.
magawé, maguru.

c. Bawa : - kuma. - kami. - kapi :

kuma-wani, kami-gilan, kapi-adreng.

d. Bawa - mā : (ktj.13 lan 14).

Tembung lingga kang olèh seselan : UM :
dumunung, gumagus, mundur.

e. Bawa - mā - tunda :

turun - tumurun, santun - sumantun.
(tegesé : tunda, tan pegat)

7. Guna : (ktj. 16).

Sarupaning tembung kadunungan panambang : en kang
tegesé kataman kaanan kasebut ing linggané :
uleren, singunen.

8. Adiguna :

Tembung mawa ater² ko lan panambang: en kang tegesé:
luwih saka ngekat :
kepinteren, kebangeten.

9. Pakon (agnja) : (ktj. 16, 17).

Tembung mawa panambang : en, a, ana, na, kang ate -
ges pakon :
djupuken, munggaha, pakanana, pènèkna.

10. Sambawa : (katja. 17).

Tembung mawa panambang : a, ana, na, kang duwé te -
ges : pangarep-arep, sanadjan, upama :
kagolong rimbag sambawa :

Bok udana, ja ! (pangarep-arep)

Udana kaé, aku meksa lunga. (sanadjan).

Udana tandurané mesti seger-seger. (upama).

11. Dwipurwa : (ktj. 18).

Sarupaning tembung kang dirangkep purwané (ketjap
wiwitan) : tetuku, memedeni, tetuwuhan, nggegulang.

12. Dwilingga : (ktj. 19).

Sarupaning tembung kang karangkep.

a. Dwilingga wantah : omah-omah, kabèh-kabèh.

b. Dwilingga salin-swara : wira-wiri, bola-bali,
omah-omèh.

13. Dwiwasana : (ktj. 19).

Tembung kang dirangkep wasanané (wanda pungkasan) :
tjekakak, tjeluluk.

14. Wisésana :

Tembung2 kang mawa panambang : an.

a. Wisésana lingga : djaranan.

b. " lingga andahan : prakaran, tjluntangan.

c. " dwipurwa : bebadran.

d. " dwilingga : alon-alonan.

e. " dwiwasana : tjekakakan.

f. " bawa - ka : kobongan.

g. " bawa - ma : gumagusan.

15. Watjaka :

a. Krijawatjaka : pa + tanduk : pangandang.

b. Karanawatjaka : pa + tanduk + an : panepèn.

c. Dajawatjaka : pa + lingga + an : pagawéan.
pagunungan.

d. Bawawatjaka : ka + lingga + an (dudu tanggap):
kapinteran, kabupatèn.

N. V. PENERBIT PANTJAWARNA

Dj. Tarakan 6, SOLO (Djawa Tengah)

● BAHASA DJAWA (untuk SMP, SGB, SMA - A):

- | | |
|---|-------------------|
| — Kawruh Basa | K. Prawirasubrata |
| — Paramasastra Djawi | K. Prawirasubrata |
| — Djawa Kuna (Dgn. daftar kata) | K. Prawirasubrata |
| — Sari Djawi (Batjaan huruf Djawa) | T. Hadisoebroto |
| — Paribasan | T. Hadisoebroto |
| — Aksara Djawa, lan tatanan panulisé basa Djawa nganggo aksara Djawa lan Latin. | T. Hadisoebroto |

● BAHASA INDONESIA (Untuk SMP dan SGB):

- | | |
|----------------------------------|---------------------------------------|
| — Tatabahasa Indonesia | T. Hadisoebroto |
| — Kesusasteraan bahasa Indonesia | S. Sastrosoemarto dan T. Hadisoebroto |

● BAHASA INGGRIS

- | | |
|---------------------|-----------------|
| — Closing Exercises | D. Hadiwirjanto |
|---------------------|-----------------|

Menerbitkan buku² untuk Sekolah Landjutan:
Bahasa Indonesia, Bahasa Djawa, Bahasa Inggris, Ilmu Bumi, Sedjarah, Ilmu Alam, Ilmu Pasti, Berhitung, Pendidikan, Olahraga, etc.